

# Lis verifikasyon w pou lè gen dezas



Consumer Financial  
Protection Bureau



FEMA



Ready®

# Prepare w: pwoteje finans pèsonèl ou

Si ou ta gen pou w ta kite kay ou an ijans e ou ta gen sèlman kèk minit pou w decide kisa w ap pran ak kisa w'ap kite e dokiman finansyèl ou yo, petèt, ta dènye bagay ki pase nan tèt you.

Kolekte, kopye, ak estoke enfòmasyon finansyèl w yo kounye a ka ede w evite pwoblèm e rekanpe sou de pye w pi vit aprè yon dezast. Lis pou w tcheke sa a ka ede w. Sèvi avè l pou asire w ke ou gen enfòmasyon ak dokiman ke ou bezwen. Aprè sa, mete l menm kote ak dokiman ki enpòtan ke ou genyen yo pou w kapab sèvi avè l lè ou gen bezwen l.

## Nimewo kont ou yo

Itilize egzanp tablo ki adwat la oswa yon moso papyè apa pou w òganize nimewo kont ou yo oubyen nimewo sèvis pou kliyantèl ke ou genyen yo.

## Dosye pèsonèl ou yo

Fè kopi bagay sa yo epi sere yo:

- Lisans
- Paspò
- Kat sekirite sosyal ou
- Batistè
- Papyè maryaj ak divòs
- Papyè kay oswa papyè tè
- Papyè machin, bato, oswa papyè pou machin ki ka sèvi kòm tit pwopriyete.
- Yon envantè chanm-pa-chanm de tout sa ou genyen

## Dosye finansyèl

Pifò dosye finansyèl ka ranplase, men ou bezwen enfòmasyon sou asirans ou si pwopriyete w domaje, oswa si ou menm oubyen yon manm nan fanmi w bezwen swen medikal. Pwoteje dosye ou yo yon kote ki asire ka ede w evite pwoblèm si pita ou ta vin gen pou w reponn kesyon konsènan envestisman ke ou te fè, taks, oswa benefis ke ou gen nan travay ou.

Fè kopi bagay sa yo epi sere yo:

- Kontra asirans ou
- Dosye sou envestisman ke w fè
- Enfòmasyon sou ankò taks
- Souch chèk ou ak dosye sou benefis ke kote w ap travay la ba ou.
- Testaman w, Papyè ke w ekri pou lè w nan koma, Kòb oswa bagay ou bay kenbe, pwokirasyon legal finansyèl ak medikal.

## Fichye enfòmasyon

Si ou sere sou odinè w dosye finansyèl, modpas, foto fanmi, ak videyo, se pou w bakòp yo nan yon lòt sèvi klawoud oubyen bakòp done w yo tanzantan pandan w ap kenbe bakòp sa yo yon kote ki an sekirite.

## Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite e toujou fè kopi

Asire w ke ou kenbe an sekirite epi ou fè kopi papyè enpòtan ke ou genyen yo. Kenbe orijinal yo nan yon bagay ki enpèmeyab, oubyen ki pa ka boule, oswa nan yon bwat sekirite labank. Si ou kenbe dokiman w yo lakay, asire w ke ou ka pran yo san pèdi tan, si w ap kouri.

Sere kopi yo yon lòt kote - nan yon plas an sekirite ki nan travay ou oswa kay yon zanmi ke ou fè konfyans.

Si ou gen aksè a yon òdinatè, eskane dokiman w yo e mete yo sou yon lektè USB oswa sere enfòmasyon w yo nan yon sit entènèt ki an sekirite.

| Prè ak kredi kat     | Nimewo kont | Nimewo sèvis kliyantèl |
|----------------------|-------------|------------------------|
| Ipotèk               |             |                        |
| Prè sou valè kay ou  |             |                        |
| Prè pou achte machin |             |                        |
| Kredi kat            |             |                        |
| Prè etidyan          |             |                        |
| Lòt :                |             |                        |

| Kay ak sèvis piblik | Nimewo kont | Nimewo sèvis kliyantèl |
|---------------------|-------------|------------------------|
| Fèm kay             |             |                        |
| Kab oswa satelit    |             |                        |
| Dlo                 |             |                        |
| Elektrisite         |             |                        |
| Telefòn             |             |                        |
| Lòt:                |             |                        |

| Lòt kont ak asirans                | Nimewo kont | Nimewo sèvis kliyantèl |
|------------------------------------|-------------|------------------------|
| Pwopriyetè kay oswa asirans lokatè |             |                        |
| Asirans pou machin                 |             |                        |
| Asirans medikal                    |             |                        |
| Kont kouran                        |             |                        |
| Kont epay                          |             |                        |
| Kont pou envèstisman               |             |                        |
| Lòt:                               |             |                        |

## Fè yon envantè de sa ou genyen

Yon envantè ekri de sa ou genyen ki apiye ak yon videyo de chak chanm lakay ou ka ede w pwouve sa k pèdi ak sa ki domaje.

## Aprè yon dezaz

Si yon katastwòf frape kay ou, kontakte rapid rapid konpayi kredi kat ou yo, ipotekè ki ba w ou kredi yo, ak lòt kreditè ou genyen yo pou enfòmè yo sou sitiyasyon w lan. Pifò nan yo gen fason pou ede w.

Si ou pa kapab rete nan kay la, kontakte konpayi sèvis piblik ou yo (tankou elektrik, gaz, kab) pou wè si yo ka koupe sèvis sa yo. Sa ka ajoute plis lajan nan bidjè w.

Anpil moun ak gwoup moun pral ofri w èd. Kriminèl ki dèye fè kòb sou moun lè gen dezaz pral pran pòz y ap ede w e yo pral eseye tronpe w.

Pran prekosyon ak:

- Frè alavans pou ede w reklame sèvis, benefis, oswa jwenn prè. Anplwaye gouvènman yo p ap janm mande w lajan pou ede w jwenn benefis oswa sèvis.
- Kontraktè k ap vann reparasyon pòt-an-pòt, espesyalman si yo vin ofri w gwo rabè oswa mande w pou w peye yo alavans
- Ajan asirans k ap eseye vann ou lòt kontra sou kote.
- Oganizasyon ki pote non ki sanble ak non ajans gouvènman oswa non òganizasyon charite.

## Konsènan nou

Biwo Pwoteksyon Finansye pou Konsomatè kontwole òf ak pwovizyon pwodwi finans konsomatè yo ak sèvis finansye dapre lwa finans federal pou konsomatè yo, epi edike ak ranfòse konsomatè yo pou yo ka pran desizyon finansye ki pi bon.

Apran pi plis nan

[consumerfinance.gov](https://consumerfinance.gov)

## Konekte avèk nou



Soumèt yon plent

[consumerfinance.gov/complaint](https://consumerfinance.gov/complaint)



Eksplike yon istwa

[consumerfinance.gov/your-story](https://consumerfinance.gov/your-story)



Jwen repons sou kesyon lajan

[consumerfinance.gov/askcfpb](https://consumerfinance.gov/askcfpb)



Pataje panse w

[facebook.com/cfpb](https://facebook.com/cfpb)

[twitter.com/cfpb](https://twitter.com/cfpb)

Misyon Ajans Federal pou Jesyon Ijans se ede moun anvan, pandan ak aprè dezaz. Kanpay Pare a fèt pou edike ak pèmèt pèp Ameriken an prepare pou, reponn ak bese ijans yo, tankou katastwòf natirèl ak katastwòf lèzòm fè.

Apran plis nan

[ready.gov/financial-preparedness](https://ready.gov/financial-preparedness)



Consumer Financial  
Protection Bureau



FEMA



Ready®